

PWOTOKÒL KONT RAJ

JERE CHEN & CHAT KI TE MÒDE MOUN

(Yo konsidere lou yo kwaze ak chen ak lòt bêt moun kite viv lakay yo
men an jeneral ki pa viv bò kote moun kòm bêt sovaj)

Kategori ki ekspose

Konnen si yon bêt te pran vaksen
Pa bezwen pou gen rekòmandasyon

Kategori 1

Wè mak sou po yon moun ki montre gen yon chat oswa chen, yo te idantifye ki gen raj e ki la pou yo met l'an karantèn, ki te mòde l'oswa ba l'kout grif

1. Fè direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bêt la konn sa
2. Y ap mete bêt ki mòde moun nan nan yon konfiman strik pandan 10 jou
3. A) Si nan fen 10 jou yo, bêt la an bòn sante, moun li te mòde a pa gen risk pou l'gen raj
3. B) Si bêt la kòmanse bay siy ki sanble ak raj, yo dwe touye l', epi bay li pou yo fè tès raj pou li
4. A) Si rezulta tès la negatif, moun li te mòde a pa gen risk pou l'gen raj
4. B) Si tès la pozitif, fè Depatman sante piblik Massachusetts, Seksyon epidemioloji, a konn sa

Kategori 2

Wè mak sou po yon moun ki montre gen yon chat oswa chen, yo PA T idantifye ki gen raj e ki PA T la pou yo met l'an karantèn, ki te mòde l'oswa ba l'kout grif

1. Yo dwe konsidere bêt la gen raj
2. Fè Depatman sante piblik Massachusetts, Seksyon epidemioloji, a konn sa
3. Fè direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bêt la konn sa
4. Bay sèvis lokal pou kontwòl bêt la yon deskripsiyon sou chen oswa chat la ak dènye kote yo te wè bêt la

- Bêt ki viv lakay moun ki pa ni chen ni chat ki mòde moun, yo dwe jere sitiyasyon sa yo selon ka a
- Kèlkeswa bêt nan rak bwa ki mòde yon moun, yo dwe fè Depatman sante piblik la konn sa
- Pa vaksine okenn chen oswa chat yo met an karantèn pou 10 jou
- Tout bêt yo touye pandan yo te an karantèn pandan 10 jou, yo DWE bay li pou fè tès raj pou li

1. Depatman Sante Piblik Massachusetts, Seksyon epidemioloji: (617) 983-6800
2. Depatman Resous Agrikòl Massachusetts, Seksyon Sante bêt: (617) 626-1810

Se Depatman Resous Agrikòl Massachusetts, Seksyon sante bêt, ki prepare dokiman sa a

Revize: 1^{ye} out 2016

Ou gen kesyon? (617) 626-1810